

KLIYAN E-ZPassNY AP RESEVWA RABÈ SA YO:

- Rabè lè pa gen veyikil ak rabè lè gen anpil veyikil nan tout kwazman ak navetè PA, rabè ki disponib pou ko-vwatiraj ak veyikil ki eko-enèjetik
 - Rabè nan pòs peyaj Wout Rapid
 - Tarif redui nan pòs peyaj ki pran lajan kach nan Pon ak Tinèl MTA
- Ekonomi lajan nan wwayaj ale-retou nan Pon Verrazano-Narrows ■ Rabè nan Pon Marine Parkway-Gil Hodges Memorial ak Pon Cross Bay Veterans Memorial ■ Rabè nan pòs peyaj Pon Discount off Peace

PLAN RABÈ E-ZPass KI PA OBLIGATWA

Ou ka kalifye pou pi gwo ekonomi lajan avèk youn nan Plan Rabè nou ofri pou kliyan E-ZPass New York yo. Tanpri konekte sou entènèt nan sitwèb E-ZPass nan www.e-zpassny.com pou jwenn plis enfòmasyon sou plan rabè nou ofri yo. Si nenpòt nan plan ki endike a bon pou ou, ranpli Kòd Plan ekivalan an ou jwenn nan epi mete kantite lajan (si genyen), nan seksyon 4 fòm aplikasyon E-ZPass ki vini ansanm avèk dokiman sa a.

Kondisyon sa yo, ansanm avèk aplikasyon ou pou E-ZPass ("Aplikasyon"), reprezante Akò E-ZPass ou ("Akò"). E-ZPass se yon sistèm rekouvreman peyaj elektwonik ki pèmèt ou peye frè ou dwe nan pòs peyaj E-ZPass yo. E-ZPass New York opere avèk sipò Administrasyon Pon ak Tinèl Triborough ("TBT") (ki rele tou Pon ak Tinèl MTA), the Administrasyon Wout Rapid Eta New York ("NYSTA"), ak Administrasyon Pò New York ak New Jersey ("PANYNJ") apa ki refere apa tankou yon ajans epi rele ajans yo ansanm. Kont E-ZPass ou ("Kont") ap kapab fonksyone nan tout pòs peyaj E-ZPass, kèlkeswa kote yo ye, ki aksesib nan tout ajans yo. N ap afekte kont ou ba youn nan ajans sibvansyone yo ki endike anwo a, epi Akò ou a fèt avèk ajans patikilye sa a. Nou ka re-afekte Akò ou nan yon lòt ajans nenpòt lè. Idantifikasyon ajans kote Kont ou afekte a, ajans ou gen Akò ou avèk li ap parèt sou transpondè E-ZPass ou (yo) ("Transpondè"). Tanpri li kondisyon sa yo epi konsève yo pou dosye ou. Lè ou louvri Kont ou oswa lè w ap itilize Transpondè E-ZPass, ou dakò avèk kondisyon ki anba la yo:

1) JENERAL

- Si ou pa respekte Akò sa a sa ka lakòz nou anile Kont ou.
- Ou pa ka transfere obligasyon oswa avantaj Akò sa a.
- Si ou pa peye frè yo nan Kont ou sa ka lakòz ou jwenn sanksyon jan lalwa prevwa sa.
- Ou dwe pwochè ak pase nan liy peyaj E-ZPass yo nan limit vitès ki afiche a. Si ou pa respekte limit vitès ki afiche a sa ka lakòz nou sispann oswa anile Kont ou, epitou/oswa sa ka lakòz ou jwenn lòt sanksyon jan lalwa prevwa sa.
- Ou fèt pou respekte tout lwa, règleman, pano ak limyè sikilasyon ki anvigè, ak enstriksyon tout pèseptè peyaj ak ofisyè lapolis yo.

2) ITILIZASYON TRANSPONDÈ

- Kliyan k ap itilize lajan kach oswa chèk fèt pou peye yon depo \$10 pou chak Transpondè. N ap remèt ou lajan depo a lè ou fèmen Kont ou ak lè ou remèt nou Transpondè a nan bon eta jan E-ZPass sèlman detèmine sa. Nou pa pran depo lajan Transpondè a pou kliyan ki otorize peman pou mete lajan sou Kont yo nan sistèm frè otomatik avèk yon kat kredi, oswa retrè lajan otomatik nan yon kont kouran.
- Ou ka itilize Transpondè a sèlman sou yon kategori veyikil ki koresponn avèk kategori Transpondè E-ZPass ba ou.
- Dapre Seksyon 5 ki endike nan dokiman sa a, ou fèt pou remèt yon Transpondè imedyatman lè nou mande ou li.
- Lè ou itilize Transpondè a nan nenpòt pòs peyaj E-ZPass, ou otorize E-ZPass pou pran lajan nan Kont ou pou frè ou dwe yo.
- Si ou itilize Transpondè a nan pòs peyaj E-ZPass ki diferan avèk pòs peyaj E-ZPass New York, ou depannde lwa ak règleman ki detèmine itilizasyon pòs peyaj sa yo.
- Ou fèt pou toujou genyen yon balans lajan ki ase nan Kont peman davans ou, epitou ou pa ka itilize Transpondè a oswa ou pa ka pèmèt itilizasyon Transpondè a sof si ou toujou gen yon balans lajan ladan.
- Ou fèt pou enstale Transpondè a kòrèkteman nan oswa sou veyikil ou dapre eksplikasyon montaj yo bay ou avèk Transpondè ou (yo). Si ou pa enstale Transpondè a kòrèkteman sa ka lakòz lekti Transpondè a pa fèt nan liy lan, ba a p ap monte nan kèk pòs peyaj, epi sa ka lakòz ou fè yon vyolasyon ki ka fè ou peye frè administratif ak jwenn lòt sanksyon, jan lalwa prevwa sa. Si ou pa enstale Transpondè ou kòrèkteman sa ka lakòz tou nou fè foto plak veyikil ou pou idantifye pwopriyete ki anrejistre a, epitou sa ka lakòz nou ajoute plak ou sou Kont ou dapre dosye anrejistreman veyikil-a-motè. Nou ka itilize foto sa a pou mete frè peyaj yo dapre tarif avèk lajan kach ak/oswa lòt frè administratif nan Kont ou.

3) KONT OU

- Ou fèt pou toujou gen yon kantite lajan ki peye davans nan Kont peman davans ou pou peye frè ki anvigè yo nan Kont ou.
- N ap pran frè ki anvigè yo, si genyen, nan Kont ou chak fwa ou itilize Transpondè a.
- E-ZPass ka pran frè administratif ki anvigè ou dwe nan kont ou dapre kondisyon Akò sa a.
- Nou ka sispann Kont ou dapre vyolasyon limit vitès, vyolasyon ou pa peye epi/oswa poutèt ou pa peye frè administratif yo.
- Nou p ap peye enterè sou balans lajan ki nan Kont ou oswa sou depo lajan ki ranbousab nan Transpondè ou.
- W ap resevwa yon etadkont chak peryòd sof si pa gen ni tranzaksyon ni aktivite finansye nan Kont ou pandan peryòd anvigè ki konsène pou chak etadkont. Ou gen obligasyon pou revize etadkont sa yo epitou pou swiv pwosedi ki nan Seksyon 6 la si ou vle konteste nenpòt frèt.

- W ap peye yon frè pou nenpòt demann ou fè pou jwenn yon etadkont nou te ba ou deja.
- Pou egzakteman kat (4) fwa chak ane, ou ka sispann plan itilizasyon chak mwa sa yo pou omwen yon semèn, epi ou ka pwolonje peryòd mwa a pou kalkile frè minimòm depasman ou depi ou rele 1-800-333-TOLL (1-800-333-8655); Tappan Zee Bridge Commuter (TZC), Grand Island Commuter (GIC), New Rochelle Commuter (NRC), Yonkers Commuter (YKC), Harriman Commuter (HAC), ak Bridge Authority Discount (NYSBA). Preme itilizasyon Transpondè a nan pon ki anvigè apre peryòd minimòm yon semèn nan ap re-aktive plan itilizasyon mwa a.
- E-ZPass, jan li vle, ka resevwa denye enfòmasyon sou kat kredi ou, ansanm avèk nouvo nimewo kont ak dat ekspirasyon, nan enstitisyon finansye ki ba ou kat kredi a.
- E-ZPass, selon desizyon li, ka resevwa denye enfòmasyon sou operasyon labank tankou nimewo idantifikasyon bank, nimewo kont, ak kalite kont lan, nan enstitisyon finansye ou.
- E-ZPass, jan li vle, ka resevwa denye enfòmasyon sou adrès ou nan Sèvis Lapòs Etazini.

4) PEMAN KONT DAVANS

- Ou fèt pou peye yon kantite lajan minimòm davans ki ase pou peye frè yo nan Kont ou pou yon peryòd yon mwa.
- Ou fèt pou mete lajan nan Kont ou pou kantite lajan davans ou lè balans Kont ou diminye oswa lè balans lan anba pwen pou mete lajan ki espesifik pou plan Kont ou. Dat w ap gen pou mete lajan nan Kont ou p ap menm selon aktivite Kont ou. Ou ka chwazi pou mete lajan nan Kont ou nan youn nan fason sa yo:
 - Otorize E-ZPass pou pran debite kat kredi ou oswa pou pran lajan otomatikman nan kont kouran ou pou tout frè ou dwe nan Kont ou.
 - Pou kliyan k ap itilize kont kouran pou mete lajan sou Kont yo otomatikman:
 - Ou dakò epi ou konnen ou otorize E-ZPass davans pou pran lajan nan kont labank ou chak fwa balans Kont ou diminye oswa chak fwa balans lan anba pwen pou mete lajan ki espesifik pou Kont ou.
 - Ou dakò epi ou konnen kantite lajan Chanm Konpansasyon Otomatik (ACH) ap pran nan kont kouran ou pou peye peyaj ou yo ak frè yo ka kòmanse depi \$0.01 pou rive nan \$3000.00, selon aktivite kont E-ZPass ou.
 - Ou dwe ekri chèk yo oswa (Chèk Postal yo) sou non E-ZPass an dola ameriken sèlman. N ap fè ou peye yon frè \$25 pou chak chèk ki retounen nan E-ZPass lè bank ou pa peye chèk la.
 - Peman avèk lajan kach ki fèt nan yon Sant Sèvis Kliyan E-ZPass sèlman an dola ameriken oswa an dola kanadyen dapre to chanj E-ZPass ka detèmine.
PA VOYE LAJAN KACH PA LAPÒS.
 - Nou fè yon analiz Kont ou sou tout nouvo Kont nan 35 jou ki vini apre premye itilizasyon Transpondè a epi nan chak 90 jou apre. Si itilizasyon ou chak mwa toujou depase oswa anba kantite lajan ki peye davans lan, E-ZPass ap ajiste kantite lajan ki peye davans ou pou estime yon nivo itilizasyon pou yon mwa.
 - Si ou chwazi pou mete lajan nan Kont ou avèk yon kat kredi, ou ka antre nan pwogram E-ZPass Plus. Pwogram sa a pèmèt ou itilize Transpondè ou nan pòs peyaj E-ZPass Plus ki otorize yo. Si ou itilize Transpondè ou pou peye frè nan E-ZPass Plus, lè sa a E-ZPass ka pran peman an nan kat kredi ou pou kantite lajan sa a. Frè n ap pran nan kat kredi a ka diferan avèk kantite lajan ou mete sou Kont ou, epi n ap pran peman an nan kat kredi ou nenpòt kilè. Si ou patisipe nan E-ZPass Plus, ou dakò pou bay non ou ak adrès ou ba operatè pòs peyaj E-ZPass Plus pou yo touche frè yo. Si ou chwazi pou pa patisipe nan E-ZPass Plus, ou dwe fè Sant Sèvis kliyan E-ZPass konnen sa.
 - Selon itilizasyon an oswa selon lòt frè nan Kont ou, ka gen plis pase yon tranzaksyon mete lajan nan Kont ou nan yon peryòd etadkont.

5) VYOLASYON YO

- Si ou itilize Transpondè a lè Kont ou gen yon balans negatif, sispann oswa anile akòz vyolasyon vitès E-ZPass oswa pou nenpòt lòt rezon, oswa apre ou rapòte yo Transpondè a pèdi oswa si yo vòlè li, ou ka: gen frè administratif pou peye jiska \$100 pou chak vyolasyon; peye tout frè sa nan rabè; epi/oswa nou ka mande ou pou remèt Transpondè a nan E-ZPass nan kourye sètifye oswa ba anplwaye pòs peyaj la.
- Si ou itilize Transpondè a nan yon veyikil ki pa kategori Transpondè deziyen an, ou ka gen frè administratif pou peye jiska \$100 pou chak vyolasyon epi/oswa nou ka mande ou pou remèt Transpondè a nan E-ZPass nan kourye sètifye oswa ba anplwaye pòs peyaj la. Si ou kontinye fè move itilizasyon sa a sa ka lakòz anilasyon Kont ou.
- Si ou pa bay repons pou Avi pou Vyolasyon yo sa ka lakòz nou voye referans lan nan yon ajans rekouvreman, enpozisyon frè siplemantè ak lòt frè ak/oswa sispann anrejistre veyikil ou nan Depatman Veyikil-a-Motè Eta New York dapre 15 NYCRR 127.14.

Kontinye padeyè

6) KONTESTASYON

Ou otorize E-ZPass pou pran desizyon toudabò nan chak kesyon oswa kontestasyon ki genyen nan, anba, anrapò avèk oswa ki konsène Akò sa a, tankou, san limit, enpozisyon peyaj, frè, oswa lòt frè ou dwe, ki aplike oswa ki endike nan itilizasyon oswa move itilizasyon Transpondè oswa Kont ou. Ou fèt pou soumèt tout kontestasyon alekri ba Sant Sèvis Kliyan E-ZPass nan 180 jou ki vini apre avi ki endike ou dwe yon peyaj, frè oswa lòt frè nan Kont ou. Ou dakò si nou voye avi a pa lapòs oswa si nou imèl li nan adrès ou te bay nan E-ZPass, oswa selon chanjman Sèvis Lapòs Etazini fè, sa ap reprezante avi pou ou sou peyaj yo, frè yo ak lòt frè ki endike ak pou nenpòt desizyon E-ZPass pran sou kontestasyon ou soumèt la. Rezolisyon reklamasyon kont PANYNJ, NYSTA ak TBTA ki genyen nan, anba, anrapò avèk oswa nan nenpòt fason ki asosye avèk Akò sa a, tankou, san limit, enpozisyon peyaj, frè, oswa lòt frè ou dwe, ki aplike oswa ki endike pou itilizasyon oswa move itilizasyon Transpondè ou oswa Kont ou, anvigè jan sa endike anba la a:

- PANYNJ – dispozisyon Lwa Eta New York ki pa Ranfòse, Seksyon 7101 jiska 7136 oswa Lwa Jeneral New Jersey ki pa gen Kritik, Seksyon 32:1-157 jiska 32:1-176.
- NYSTA – dispozisyon Seksyon 361-b Lwa Administrasyon Piblik Eta New York yo.
- TBTA – okenn aksyon pa dwe fèt oswa sipòte, sof si aksyon an dwe kòmanse nan yon ane ki vini apre desizyon E-ZPass sou avi a konsènan kontestasyon ou te soumèt dapre Akò sa a.

7) TRANSPONDÈ KI PÈDI/YO VÒLÈ

Ou p ap responsab pou itilizasyon Transpondè ki fèt san otorizasyon ou apre ou fè E-ZPass konnen, aloral oswa alekri, lè ou pèdi li, lè yo vòlè li oswa lè yo itilize li san otorizasyon ou. Men, si yon ou rapòte yon Transpondè ki pèdi, yo vòlè, oswa ou jwenn ki nan move eta oswa ki domaje, w ap gen pou peye \$16 pou Transpondè andedan ak \$22 pou Transpondè deyò. Si Transpondè a pa fonksyone pou rezon ki diferan avèk avi oswa itilizasyon ki pa kòrèk, epi si ou remèt li nan yon Sant Sèvis Kliyan E-ZPass, E-ZPass ap ranplase li san ou pa peye lajan.

8) AVÈTISMAN

Ou rekonèt E-ZPass ak tout ajans yo k ap bay sèvis E-ZPass yo pa bay, epi demanti fòmèlman nenpòt reprezantasyon oswa garanti, fòmèl oswa tasit konsènan Transpondè a, ansanm avèk, san limit, nenpòt garanti tasit oswa fòmèl pou valè machann, kalifikasyon pou yon rezon patikilye oswa konfòmite pou modèl yo oswa echantiyon yo. Ou dakò pou E-ZPass ak tout ajans yo k ap bay sèvis E-ZPass yo p ap gen okenn obligasyon oswa responsablite pou ou anrapò avèk itilizasyon pèfòmans Transpondè a. Ou dakò pou asire ak pwoteje E-ZPass ak tout ajans yo k ap bay sèvis E-ZPass yo nan ak kont tout domaj, pèt, frè, depans oswa responsablite ki konsène oswa ki genyen nan oswa akòz itilizasyon oswa pèfòmans Transpondè a.

9) ANILASYON

Ou ka anile Akò sa a nenpòt kilè. Pou fè sa, ou dwe mande anilasyon sa a alekri, epitou ou dwe remèt Transpondè E-ZPass la (yo). Ou ta dwe remèt Transpondè yo ba nan yon Sant Sèvis E-ZPass an pèsòn oswa ou ka voye yo nan kourye sètifye. Transpondè yo se pwopriyete ajans yo k ap bay sèvis E-ZPass yo. Depi nou fè dediksyon tout frè ou dwe yo nan Kont ou apre anilasyon Akò sa a, epi depi ou remèt Transpondè a (yo), n ap remèt ou nenpòt balans lajan ak lajan depo Transpondè a (yo). N ap fè ranbousman sa a sou fòm yon chèk oswa kredi nan kat kredi ou, selon mannyè ou te chwazi pou mete lajan nan balans Kont ou.

10) REKOUVREMAN DEPANS

Ou dakò pou peye tout frè, tankou frè avoka, ou dwe avèk E-ZPass ak tout ajans yo k ap bay sèvis E-ZPass pou touche nenpòt lajan ou dwe dapre kondisyon Akò sa a.

11) MODIFIKASYON

Ajans kote Kont ou afekte a ka chanje kondisyon Akò sa a nenpòt kilè. Pou fè sa, y ap ba ou yon avi alekri davans. Kondisyon sa yo ki chanje a fèt pou anvigè nan dat ki endike la a. Envalidite nenpòt kondisyon oswa plizyè kondisyon Akò sa a pa dwe afekte okenn lòt kondisyon Akò sa a, ki dwe rete anvigè nèt.

12) LWA KI ANVIGÈ

Yo fèt pou administre ak entèprete Akò sa a dapre Lwa Eta New York.

13) CHANJMAN

ou dakò pou fè E-ZPass konnen nenpòt chanjman nan enfòmasyon ou bay E-ZPass, tankou, men pa sèlman:

- Adrès ou,
- Enfòmasyon sou veyikil ou,
- Credit Enfòmasyon sou kont kat kredi (sètadi, nimewo, dat ekspirasyon),
- Enfòmasyon sou kont kouran,
- Metòd peman,
- Imèl,
- Nimewo telefòn.

14) PRENSIP POU PA DIVILGE ENFÒMASYON

E-ZPass respekte enfòmasyon prive tout moun ki gen Kont yo. Nou ka divilge enfòmasyon sou Kont lan ba ajans yo, men nou p ap divilge enfòmasyon yo ba moun endepandan konsantman ou, sof jan lwa ak règleman sèvis E-ZPass yo egzije oswa pèmèt sa.

15) PEMAN YO, TRANSPONDÈ YO, AK KORESPONDANS

Tanpri voye tout korespondans, peman, Transpondè w ap remèt yo, oswa demann ransèyman sou vyolasyon nan:

SANT SÈVIS KLIYAN E-ZPass

APLIKASYON AK
TRANSPONDÈ W AP REMÈT:
PO Box 149001
Staten Island, NY 10314-9001

PEMAN POU VYOLASYON
AK DEMANN RANSÈYMAN SOU VYOLASYON:
PO Box 15186
Albany, NY 12212-5186

DEPO LAJAN SOU KONT
PEMAN YO:
PO Box 15185
Albany, NY 12212-5185

KORESPONDANS KONSÈNAN KONT
KLIYAN:
PO Box 15187
Albany, NY 12212-5187

16) BARÈM DEPO/FRÈ ADMINISTRATIF

Depo lajan pou chak Transpondè (kliyan ki chwazi pou fè depo lajan kach oswa chèk) \$10.00
Depo pou chak Transpondè (kliyan ki chwazi pou fè depo lajan otomatik avèk kat kredi oswa kont kouran) anile

Frè pou Transpondè a si li nan move eta, domaje, pèdi oswa si yo vòlè li Andedan \$16.00
Deyò \$22.00

Tranzaksyon peman ACH labank refize peye Jiska \$25.00
Frè pou chèk ki retouren \$25.00
Etadkont chak mwa pa lapòs, frè chak ane \$ 6.00
Diplikata kopi Etadkont \$ 2.00
Frè sèvis Kont PANYNJ chak mwa \$ 1.00
Frè anilasyon Kont \$25.00
Frè garanti Transpondè \$25.00
Frè administratif pou lòt move itilizasyon Transpondè/vyolasyon Jiska \$100.00

E-ZPass ak ajans yo k ap bay sèvis E-ZPass yo gen dwa pou fè ou peye frè siplemanntè.

17) LÒT KONDISYON POU KLIYAN KI CHWAZI POU ANTRE NAN PLAN PAY PER TRIP E-ZPass

- a. Depi ou louvri yon kont Pay Per Trip E-ZPass, ou fèt pou bay nimewo idantifikasyon labank ou ak nimewo kont ou (ou ka chwazi pou bay yon kredi kat sipò).
 - i. Ou dakò epi ou konnen ou otorize E-ZPass davans pou pran lajan nan kont labank ou chak jou lè ou dwe frè peyaj ak frè pou kont ou genyen an.
 - ii. Ou dakò epi ou konnen kantite lajan Chanm Konpansasyon Otomatik (ACH) ap pran nan kont kouran ou pou peye peyaj ou yo ak frè yo ka kòmanse depi \$0.01 pou rive nan \$300.00.
 - iii. Ou dakò epi ou konnen lajan ACH ap pran nan kont kouran ou ka nan oswa toupre jou tranzaksyon peyaj yo pou total tout tranzaksyon peyaj ak frè yo.
 1. Pou peyaj ak frè ou dwe nan jou wikenn ak jou ferye, nou ka touche lajan an nan kont ACH la nan jou ouvrab ki vini apre a.
- b. Ou dakò pou toujou gen ase lajan nan kont labank ou pou peye tout frè E-ZPass yo, epi ou ka pa jwenn pèmision pou itilize Transpondè a sof si ou gen yon balans lajan ki ase nan kont labank ou, oswa w ap fè peman an avèk kat kredi sipò valab ou te bay la.
- c. Sizoka labank ou refize peye nenpòt tranzaksyon ACH pou E-ZPass, epi si ou te bay yon kat kredi valab pou peman, ou dakò pou nou konvèti Kont ou an yon Kont pou fè depo lajan avèk kat kredi pou peman davans, epi lè sa a Kont ou ap depannde kondisyon peman davans, jan sa endike nan aplikasyon an.
- d. Sizoka labank ou refize peye nenpòt tranzaksyon ACH pou E-ZPass, epi si ou pa t bay yon kat kredi sipò, ou dakò pou nou konvèti Kont ou an yon Kont peman davans avèk lajan kach. Ou pa fèt pou itilize transpondè E-ZPass ou (yo) jouk lè ou mete lajan nan Kont lajan kach sa a.
- e. Si ou itilize Transpondè a lè kont labank ou pa gen ase lajan ladan epi si ou pa fè peman an avèk kat kredi sipò ou, ou ka gen pou peye frè administratif ki ka rive jiska \$50 pou chak vyolasyon; ou ka gen pou peye tout frè a san rabè; epi/oswa nou ka mande ou pou remèt Transpondè a nan E-ZPass nan kourye sètifye oswa ba anplwaye pòs peyaj la.
- f. Ou dakò pou fè E-ZPass konnen nenpòt chanjman nan enfòmasyon sou kont labank ou, epi si li nesèsè, nan enfòmasyon sou kat kredi ou te bay nan E-ZPass.
- g. Yon depo \$10 pou chak transpondè obligatwa si ou pa bay yon kat kredi sipò nan Kont ou.
- h. Si nenpòt nan kondisyon ki nan Seksyon 17 la pa dakò avèk dispozisyon ki nan Seksyon 1 jiska 16, lè sa a dispozisyon ki nan seksyon 17 la dwe aplike pou kliyan yo ki chwazi pou antre nan Plan Pay Per Trip E-ZPass.

TANPRI KONSÈVE LI POU DOSYE OU.

STATEN ISLAND
1150 South Avenue
Staten Island, NY 10314

YONKERS
730 McLean Avenue
Yonkers, NY 10704

QUEENS
19-02 Whitestone Expressway
College Point, NY 11357

1-800-333-TOLL (8655) TDD/TTY 1-800-772-7935

www.e-zpassNY.com